# La fille du propriétaire de Boeufs

Ce conte épique, recueilli par Lamine Samb oppose un village, un vieil homme et sa fille à 4 rois accompagnés chacun d'une armée. Ici paysans et nobles (car c'est un propriétaire riche et prospère) font front commun contre rois et tiedos pillards. C'est un conte contestataire, derrière l'apologie de la vaillance de cette fille unique qui se bat pour l'honneur de son père.

Car c'est bien d'honneur qu'il s'agit, plus encore que de la perte économique le paysan est affligé de ne pouvoir se venger, il parle de déchéance, empruntant d'ailleurs les mêmes formules que son cheval. Pour ce dernier aussi c'est une question d'honneur.

Quant à la fille, l'honneur réside d'abord à venger son père, ensuite à ne point l'humilier par une victoire trop éclatante, car dès sa deuxième sortie elle lui laisse le soin de retrouver les vaches et de les ramener au village, elle-même ayant rejoint la cuisine, lieu traditionnel de l'activité féminine. Mais son fils sera aussi vaillant qu'elle. Comment ne point songer à ces linguères, à ces garmis de l'histoire wolofs, dont le coeur était plus bouillant, question d'honneur, que leurs frères ou leurs maris: telle Yacine Issa du Cayor (1), ou NJembët du Walo qui ranimaient les énergies défaillantes des princes de leurs familles.
Quant à ces rois cupides et razzieurs, il y en a eu. Dans tout le Soudan sahelien. Ce roi du Saloum, n'est-ce pas Salmon NDiaye. Mais cette réaction paysanne correspond peut-être au Sénégal à l'époque de Maba Diakou qui excitait les musulmans (ici le village est islamisé, la mère prie La ila hila allah) contre les rois qui les exploitaient et peut-être que ce texte véhicule déjà les sentiments de révolte des paysans opprimés et qui ont cessé de trouver cela normal.

---

(1) voir Epopée du Cayor, éditée par Pathé Diagne.

- Léébóón :
- Lippóón :
- Amoon na fi
- Daana am :
- Ba mu amee yaa fekkee :
- Yaa wax nu dégg :
- Waxi tey matul a gëm :
- Say wax a ci raw :

- Lééb bii ma léén di may man Mbaxaan Sekk, maa ngi ko jëlé ci suma maam Moor Awa Sekk. Lééb bi nag ci lééb yi mu gënóón bëgg la bokk. Lééb bi dafa gudd guddaay boo xam né bii, bu ma léén ko fi bëggóón a wax yépp du ñu fi jógé mukk. Moo tax dama koy far gàttal ba ngéén am ciis lëf.

Dafa amoon ndaw soo xam né sii baayam dafa amoon i nag. Nag yi bare lool ba xejuñu fenn. Nag yi ratt jeexalu leen. Kenn mënu leen ratt ba ñu jeex. Tund wi yépp fi lañu daan sippsee. Suma maam daan na wax né cig kàmb lañu daan sotti meew mi nga xam né kenn mënu ko woon a jëfëndikoo.

Ba mu ko defee ba nga xam ni mbïr moomu am na, buuru Gànnaar dégg ko, ag Buur Saalum, ag Buuru Sowu, ag Buuru Penku, ku ci nekk né dinaa jëlsi nag yi. Te boroom nag yi amul ludul jenn doom ju jigéén kepp. Doom ji yit, moom ci jëmmi boppam benn kepp la ci kër gi. Baayam amul góór, amul dara. Ba ñu toogee ba yàgg, Buur Jolof yonnee né na ko góór jox nag yi. Su ko deful, dina ñów moom Buur jëlsi nag yi ba pare rey ko moom góór gi ag waa dëkk bi.

Góór gi dajele waa dëkk bi wax leen mbir mi, né leen nag lu nuy def ? Waa dëkk bi né ko "boo ko joxee nag yi dootunu dund ndaxte ci sa nag yii lanuy ame soow ag ndawal. Su fi nag yi jógéé, xiif a nuy rey." Góór gi né ndawal buur bi "boo demee nga né Buur nañow rey ma, waaye suma nag yii duma ko ko jox mukk."

Ki Buur yonniwóón ñów né Buur "góór ga kat bañ na. Buur it tegu ca leneen ludul né Gawarmaneem ya "takk leen fas yi te jël xeej yi ag fetal yi."

.../...

Ba ñu agsee, fekk nañu waa dëkk bi yépp demaloon benn dëk-kandóó santaane. Buur Jolof ñów jël nag yi yóbbu leen.

Ñu jekki ba nga xam né jant so na, góór gi ñów seet nag yi, gisul dara. Mu dem topp tànk yi, gis fas yi leen jëlsi mat ab xare lool. Góórgi xolam jeex. Mu wóññeeku, dikk ca kër ga di jooy, di jooy, di jooy, di jooy, di jooy, dégg nga koom, ba wànnent, xarkanam bi newi, maaseloo, kenn xamatu fu bët yi nekk.

Doom ji dikk né ko : "moo ! baay looy jooy ? Lu xew ? Mu né ko" aa ! doom nag ya ma amoon dé, du ma ëpp doole yóbbu na leen. Mu né ko "Ku ko yóbbu ? Xanaa Buur Jolof la ?"

Mu né ko : "xawma ku ko mëna yóbbu, waaye tànki fas yi bare nañu lool ! Mbir moomu taxna ma yaakaar ne Buur a fi ñów. Man nag jaaxle naa te awma ludul sama nag yii ; di ci tedd maag sa ndey ag yow, te awma ku ma ko fajal, awma kenn kudul yow. Samas teraanga yit dem na nag. Xam naa né damay dee rekk."

Ndaw si ree né baay bi loolu dé matu ko :
Moo baay tee nga ma takkal fas wi ma seeti leen ?
Baay bi tiit lool, xoolaat doom ji né ko :
Ma ñakk nag yi, ñàkk la, ñàkk fas wi ? Googu ñakk gu teew duma ko def mukk doom. Moom kay damay xalaat te nekk fii rekk ba dee, waaye duma la bàyyi mukk nga toppi leen.
Ndaw si sukkal baay bi, wax wax, mu të.

Ndaw si rocceeku jaar ca wànag wa, dem bàddi permma, daldi dugg ci néég bi, fab teg gi, takk fas wi ba mu dëggër, mu daldi bàddi sàkket wa, génné fas wa, war. Fekk, fabna fetal gi ag béjjën ub dem bi, daldi jël kaartus yi def ci poosam, daldi tëbal. Sox fetal gi ba mu fees dell, mu daldi fëx. Tëbal fas wa rekk. Fas waa nga naan :

"Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, senjaan maay dee ren, maa kasara déy."

"Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy".

"Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy."

.../...

"Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy."

"Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy."

"Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy."

Ba nga xamee ni bii jot na leen, dégg nga koom, fekkna mu ngi yor daraapo bu xonq.

Kee dé, ci sunu gannaaw de, ràsut jàmm. Buur né leen :

Dañu may xaar wante duma xaar kenn. Ku ma soxla rekk na daldi ñow fii, ci suma kanam. Waaye xam naa lenn. Ku mu mëna doon rekk, bu doxee fii, ci suma kanam, dinaa ko def nii ñuy def ag màtt. Dinaa ko raatale ci suuf ba dootuñu gis ci moom lu ci bokk.

Ndax si, bi mu leen séénee rekk la daldi soppi kanam gi ba nga xam ne bët yaa ngiy tàkk, karaw yaa ngiy naaw, ñuul kukk. Fas wi, moom ci boppam, dafa mel ni laalatul suuf. Ndaw sa dowal ba agsi, né ci seen biir carax, daldi wàlbatiku jublóóg ñoom, daldi né Buur kat bettuma leen. Góór ngéén may jigéén, waaye dingéén xam né jigéén ju woddu laa. Buur daldi ree ba ree ya gën koo neex, mu né ko

"dégg naa déy jigéén ju pànk, njèddëri lañu loy wax, waaye dinga xam né déy fii dé doo fi jëlé dara, wundu du fi naane meew mukk."

Ndaw sa daldi tëbalaat fas wa rekk, daldi dellu ca gannaaw rekk daldi leen diir dibi ga.. Ni leen ko :

Ndam duq, ndam dañń jëlal. Pumm.

Bal yaa nga naan ko :

"lu waay séén, ku mu ci dal nga dee." Ndirëññ, wurururur. Bal ya naan :

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

.../...

Sox bu tàkk rekk lu mót ñaar fukki nit daanu ci suuf. Bi Buur gisee loolu, mu né ñi nekkoon ci wetam dow leen balaa mu léén di rey. Mu am ci ñu dow. Ndaw sa ndeke mu nga leen di gis. Mu bàyyi leen ba nga xam né foognañu né raw nañu rekk, mu daldi léén sànnib sox. Sox baay daaneel garab yi ba dab gaa ña, fàdd leen ñoom ag seeni fas. Ba nga xamee ni xare bi jeex na tàkk, ba kenn yëngóótul, mu daldi wóññeeku daldi fëgg ŋooj ba, nag ya topp ko, ba mu agsi ca kër ga.

Ba mu agsee, dégg nga koom, jaaraat fa mu jaaroon, ñow fekk baay bi sonn lool di waaja sukkuraat ndax naqar wu rëy.

Ndaw sa tànq ndox ñów jox baay bi né ko :

"Baay !

Mu né ko :

Doom ! Mu né ko"

kaay yeew nag yi te seet yii nga ci mëna ratt.

Mu né ko aa doom :

"danga may ñaawal man sa baay, nde xam naa né moos xanaa dundati sax laay wax nde xam naa né moos yooyu moom taxatuñu maa wax !"

Nag yi nàññ, sëlu yi nàññ. Soxna si né ko aa moone jongama Kumba booy dé waxna dëgg. Goor gi fi mu tëddoon la né bërét sóónu ci concoyi. Loolu doyatu ko, mu daldi toog bu baax. Amul lu muy def lu dul daldi jël loxo yi teg ci bët yi né ko :

ritiritiriti né xuleel, dégg nga koom, jurbóm ñetti kéwél fëx ci bët yi agub njolom. Mu né xuleel xool, Saqet wa tàkk.

Mu daldi xool gis nag yà, mu né danxuuñ muuñ ba garab yépp fàq dugg ci baamu góór gi. Kër gi kay a ngiy tàkk naan rëtëtëtëtët. Ci biir dëkk bi amatul "yaay jàppal ma". Ñépp wallisi ci lakk gi.

Bi nga xamee ni bii, dégg nga koom, nit ñaa ngiy fey lakk gi, booba góór gi talul dara ludul dikk daldi dem seet nag yi mu ci mëna ratt, mu ratt leen. Yi mu ci mënul a ratte, mu bèyyi leen.

Bi mbir moomu amee, mu dajale waa dëkk bi, moom goor gi, né leen :

.../...

"ratt leen nag yi te jël meew mi yóbbu. Bu dul koon ag yeen, suma kër gi dina lakk ba jeex."

Ñii di ratt ci beñuwaar yi ñu indiwoon, ñii ciy leket, ñii ciy àndaar, ñii ciy pot.

Ba nga xamee né ñoom ñépp kontaan nañu, ñu daldi gërëm góór gi né

"ñu ngiy ñibbi"

Waaye ca ëllëg sa ñu dellusi defaraatal góór gi kër ga.

Ba mu ko defee, ñu toog ba mu am ñetti fan, Buur Gàannaar moom yónneewul, yëgléwul, ludul daldi ~~t~~ dikk seet nag yi, gisu leen mu xam né lawoon a amati.

Mu dellu di leen topp, topp, topp ba gis tànk yi ag we yu fas yi yépp, mu daldi wóññeeku dikk. Moog jooyam ya, di jooy, di daanu ci ngeer miy dikk, di ~~y~~ jooy, di daanu ci ngeer miy dikk ba agsi ci kër gi, fekk doom ji witti mbuum ba dikk.

Mu né ko :

moo !baay lu mu doonati ? Mu né ko doom lawoon a amati, nag ya dematti nañu. Mu né ko

dinañu xam né basi góór a koy bey dé. Na ñu dox rekk.

Baay bi né ko.

xawma luy mënti am dé waaye bii yoon maay jëli nag yi. Dootuma la bàyyi mukk nga dem toppi leen. Fu ñu reye suma nag yi dinaa fa dee tey mbaa ma kasara ba fàww.

Soxna si jooy, né góór gi

bul dem ! Toogal fii, Buur a la êpp doole, te bu la reyee du yem ci yow rekk. Toogal fii ci kër gi mag nga. ~~W~~ Xanaa danga fàtte né leneen a ngi fi loo xam né dina tax ba dunu xiif, dunu mar te dunu ñee kenn ? Booy génn kër gi may fi-reeku.

Soxna si wax, wax, góór gi të.

Góór gi né ko

suma jom daal mayatu ma ma fiy toog di xool suma doom ju

.../...

jigéén di may fajal.

Fekkna booba ndaw si duggaatna ci wànag wi rekk, daldi yewwi fas wi, takk ba mu dëggër, mu daldi waraat ca kow rekk, daldi koy sebre rekk. Fas wa dellu fëx nekk ca la mu nekkoon

Mu nga naan :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan ~~k~~maay dee ren, maa kasara déy :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag, sonjaan maay dee ren, maa kasara déy :

Ba jot Buur, dégg nga koom. Yëkkatileen darapo bu xonq ba ñu daldi wàlbatiku. Ñu né

aa : Kee kat doxul jàmm, waaye ~~k~~ góór gu jekki ba ñu di la bett, booba yow ci sa jëmmi bopp fàyda sax waratu la.

Benn géwal ba daldi jiin tabala ja né

waawaaw, ndaxte dèy làmb déy ku dégg dimaas ja ñuy tëgg làmb, boo jekkee ba làmb ja, bu ñu la daane, booba jéll à ñów, waaye bettatuñula. Koon nag gaa yi pare leen a xare te nangoo dee cig njàmbaar.

Mu daldi jiinaat tabala ja rekk, ñu daldi wàlbatiku foofa di ~~fe~~ fexee xeex ag ndaw sa. Ndaw sa dellu sóppiwaat kanam ga, daldi delluwaat ca la mu nekkoon. Mu daldi leen dëpp dibi ga.

Ndam duq ndam daññ ndëjër, pumm. Bal yaa nga naan lu waay séén, ku mu ci dal nga dee : Ndiireññ wururur, bal yaa nga naan :

.../...

Fereju mereju bu ci benn des !
Fereju mereju bu ci benn des !
Fereju mereju bu ci benn des !
Fereju mereju bu ci benn des !
Fereju mereju bu ci benn des !

Pënd bi jóg rekk, fas yi ñexal, yuuxoo yi jib. Kenn xamul xammeetul sa morrom.
Naar yi, ndaw si jotagulwoona rey, di reyante ci seen biir.
Bi pënd bi wuree, xare bi jeex tàkk, ndax si daldi fëggaat pooj ba rekk, nag ya toppaat ko.

Bi muy ñibbisi mu tasseeg baay bi ag waa dëkk ba.
Ñii gàddu xeej, ñii fetal, ñii yàt, ñii cumwaar. Góór ag jigéén ñépp né dañuy xarejeeg Buur. Ndaw si bañ waa dëkk bi gis ko, mu daldi teggi jaar ci cëll wu ndaw wa. Waa dëkk bi taseeg nag yi daldi wóññeeku. Bi ñu agsee, fekke na ndax saa ngi toog, reer bay waaja sottal.

Amul lu muy def ludul daldi dem gàttandu baay bi ag potub ndox. Keroog ca dëkk ba kenn nelawul ba bët set.
Góór gi rey ñeetti nag may waa dëkk ba. Noonu lañu nekke di fecc ag a naanoog lekk ba ca suba sa. Bi nga xamee né Buur yi benn kepp a ci des, di Buurub Saalum, mu daldi né dégg naa jenn jigéén a nga fa joo xam né jii ku jël nag ya rekk mu rey la. Waaye bu ma fa demee balaa maa jël nag ya, dama koy jëkk rey soga jël nag ya bóbbu.

Ba mudikkéé, ndaw sa tëdd ba guddi mu géénte ko daldi koy wax baay bi. Né leen nag
yeen ñépp na ngeen yeenduji ca dédd ga ca tool ba. Bu fi kenn yeendu. Ba leen fi néégi kese. Dina xam né, déy, doonuma jigéén joo xam né jii rekk ku jot làmboo kó. Buur Saalum nag, moom ci jëmmi boppam, ku muus la. Bi muy ñow, daffa indaale xorom su bari. Bi mu ñówéé ba jubsi dëkk bi, dafa daldi xaaj nitam yi. Bii xaaj nekk ag moom, bii xaaj dugg ci dëkk bi. Bi ñu agsee daldi dugg ci kër gi, seet seet gisuñu kenn. Ñu seet seet seet gisuñu kenn. Ñu topp tànk yi gisuñu kenn. Bàggu,

..../....

fu nakk ñu bàggante rekk gisuñu dara.

Ñu daldi né

aa : ñii dañoo dow. Ñu né

ñoom dañu ñoo yég, daldi dow wocc fi nag yi.

Ñu dàq dàq nag yi të né duñu dem mukk. Bi ñu sonnee, ñu daldi yebal kenn ci seen biir, né ko :

demal né Buur nag yi kat bañ nañu ñoo topp.

Buur Saalum né waa ji

yóbbul juróómi mbaam yii sëf xorom si. Bu ngéén demee dangeen di bën n saku yi rekk daldi dàq mbaam yi ñu dellusi. Bu ko defee rekk ngeen ñibbisi.

Waa ji yóbbu mbaam yi wax leen li Buur diglé. Aa ! ñoom it amuñu lu ñuy def ludul bënn saku yi, dàq mbaam yi. Ba ñu ko defee, nag yi mos xorom sa rekk daldi topp rëdd wa b a agsi ca Buur mu jël nag ya yóbbu.

Ndaw si daldi dikk né baay bi :

"Baay !"

Mu né ko "naam !" Mu né ko

aa ! Buur Saalum dé yóbbu na nag ya, waaye nag dina xam né maa ko gëna pànk fuuf. Bu soobee yàlla balaa reer dina ko digaaleeg man.

Daldi dugg ci wanag wi, dégg nga koom, daldi takk "Maga-neex" daldi koy waraat, gàdduwaat fetal ga ag béjjënub doom ba daldi tëbal. Fas waa nga naan :

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy !

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy !

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy !

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy !

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy,!

.../....

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy !

Maa tëb ab ñag, jéggi ñag sonjaan, maay dee ren, maa kasara déy !

Buur Saalum nag dafa muusoon ba mu jéggi dayo. Bi mu génnéé tundu dëkk ba la daldi xaaj nag yi. Li ci ëpp mu jaarloo leen beneen yoon. Moom Buur mu desoo ag li ci des, jaar ag ño-om ci yoon wu mag wa.

Ndaw si moom it daldi gis ñaari pënd yi rekk, daldi xam li ko Buur di pareel. Ba nga xamee né jot na leen mu daldi leen yuuxu, ñu geestu, daldi wöññiku. Ñoom ñépp ñu riir wutti ndaw si Ndaw si daldi leen di juuy. Fekk na nag benn dédd a ngi fi goo xam né gii war naa mòt diggante fii ag teen ba. Ndaw si làqoo leen dédd ga, daldi sarxolle ca biir ngeer ga rekk doxe leen gin-naaw né ci seen kow jomm, daldi wàlbatiku dëpp leen dibi ga, sox ba tàkk.

Ndam duq, ndam daññ ndëjër, ndam jëlal Pumm. Bal ya ne ko lu waay séén, ku mu ci dal nga dee, ndiireññ, wururur !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Fereju mereju bu ci benn des !

Ba nga xamee né xare bi jeex na tàkk, mu wéy ca ña ca des. Daldi dem, def leen lu raw la mu def Buur ag ñii mu àndaloon. Ba nga xam né kenn yëngootul, mu dellu wóññiku ag nag ya, ñibbi-si. Bi nga xamee né nag mu ngi ñow, fekkna nag ndaw si, ci jëm-mi boppam ëmb na, mat wi jeqi na, mu bañ nag doom ji juddu. Mu daldi fab sër takk ko ci nàq bi

Fab beneen sér bi ci des takk ko ci xol bi ba mu dëggër mu daldi fëxal. Fas wa di wèy rekk.

Fas wa di wéy rekk.

Fas wa di wéy rekk.

Fas wa di wéy rekk.

.../...

Ba nga xamee né bii agsi na ci kër gi. Nakka mu né cëpp, daldi né

"Yaay !"

Mu né ko

"Mbàkke !

Mu né ko

"gaawal may ma ndox"

Ndey ji daldi dikk, tànq ndox, may ko. Nakka la tànq ndox may ko, ndaw si naan, Nakka mu naan ba noppi daldi tekki malaan yi, daldi sukk, doom ji né dàll daanu. Nakka doom ji daanu, jooy ñetti baat né :

- Uwéé, uwéé, uwéé :

Dégg nga koom, ndey ji né

"laahilaa illalaah, éy suma doom ji wallaay Yàlla na nga barkeel, wallaay mer mii nga fajal sa baay, Yàlla na la Yàlla taxawu."

Fi mu tànqe ndox, ba indi, bay bëgg fab xale bi, bëgg koo sang, fekk itam benn ganaara ngi ci kër gi ; moom itam amul ludul benn cuuj, te cuuj bi ag ndey ji fu ñu gas muy wurus ag xaalis. Maf mi daldi riir rekk né cuuj bi cëffit daldi koy fëkk dem ag moom. Cuuj ba naan :

Wiic, wiic, wiic, wiic, wiic ba dem fi lu joti Misira.

Liir bi né bërét fi mu tëdd, né tëwit fetal gi rekk daldi koy diir né ab sox tuyy :

Maf mi né ci suuf bëpp ! Mu né :

"Yaay, foral. Bu ma juddoo dinga am doom dé :"

Foofu la lééb doxe tàbbi gééj.

-=-=-=-=-=-=-=-=-=-=-